

# EVALYASYON PÈFÒMANS SIRETANDAN

(Adapte pou Siretandan Lekòl Piblik Boston yo)

Dokiman Referans:

[Oto-Evalyasyon pou Ane Lekòl 2022-2023 Siretandan Skipper](#)  
[Nòt Oto-Evalyasyon pou Ane Lekòl 2022-2023 Siretandan Skipper](#)  
[Domèn Konsantrasyon Pou Ane Lekòl 2022-23 Siretandan Skipper](#)  
[Ribrik Modèl DESE](#)

<b>Non:</b>	Siretandan Mary Skipper
<b>Dat Li Fini:</b>	14 Out 2023
<b>Moun ki konplete l:</b>	Jeri Robinson, Prezidan Komite Lekòl Boston
<b>Tip Plan Edikasyon</b>	Evalyasyon Siretandan, Ane Lekòl 2022- 2023

## DEFINISYON WOTASYON YO

<b>TRÈ EFIKAS (Egzanplè)</b>	Pèfòmans lan te depase lajman atant yo akòz de kalite ki eksepsyonèlman elve travay ki fèt nan tout domèn responsabilite esansyèl, sa ki tradwi pa yon kalite global travay siperyè; epi swa 1) gen ladan l achèvmman yon objektif oubyen yon pwojè majè, oubyen 2) pote yon kontribisyon eksepsyonèl oubyen inik an sipò ak objektif inite, depatman oubyen distri yo. Nòt sa kapab atenn pa nenpòt ki anplwaye byenke yo bay li raman.
<b>EFIKAS (Konpetan)</b>	Pèfòmans lan te depase regilyèman atant yo nan tout domèn esansyèl responsabilite yo, epi kalite travay la an jeneral te ekselan. Objektif anyèl yo te satisfè.
<b>AP DEVLOPE (Konpetan)</b>	Pèfòmans lan te satisfè regilyèman ak atant yo nan tout domèn responsabilite esansyèl yo, ki depase pafwa atant yo, epi kalite travay la an jeneral te vrèman bon. Objektif anyèl ki te pi kritik yo te rive satisfè.
<b>EFIKAS YON JAN MINIM (Bezwen Amelyorasyon)</b>	Pèfòmans lan pa reponn regilyèman ak atant yo – pèfòmans lan pa t reyisi reponn ak atant yo nan youn oubyen plis domèn responsabilite esansyèl, epi/oubyen youn oubyen plis nan objektif ki pi esansyèl yo pa t rive reponn. Yon plan devlopman pwofesyonèl pou amelyore pèfòmans lan dwe atache, ki gen ladan l dèle yo, epi jwenn siveyans pou mezire pwogrè yo.
<b>INEFIKAS (Pa satisfèzan)</b>	Pèfòmans lan te regilyèman anba atant yo nan majorite domèn responsabilite esansyèl yo, epi/oubyen pwogrè rezonab pou atenn objektif esansyèl yo pa t rive fèt. Amelyorasyon enpòtan nesèsè nan youn oubyen plis domèn. Yon plan pou korije pèfòmans, ki gen ladan l dèle yo, dwe defini epi jwenn siveyans pou mezire pwogrè yo.

## ESTANDA I: Direksyon Pedagojik

*Direktè Pedagojik la favorize aprantisaj ak kwasans tout elèv yo ak siksè tout pèsonèl la nan kiltive yon vizyon pataje ki plase ansèyman ak aprantisaj pwisan nan sant eskolarite.*

Domèn Konsantrasyon Espesifik:

- 1-A Kourikoulòm
- 1-D Evalyasyon
- 1-E Priz Desizyon Baze sou Done yo
- 1-F Aprantisaj Elèv yo
- 1-A Kourikoulòm
- 1-B Enstriksyon
- 1-C Evalyasyon
- 1-D Evalyasyon
- 1-E Priz Desizyon Baze sou Done yo
- 1-F Aprantisaj Elèv

Aliyman Objektif Sirentandan:

- Priyorize ak akselere pèfòmans akademik yo
- Ranfòse Aksè ak Aprantisaj Sosyo Emosyonèl
- Ogmante responsabilizasyon Biwo Santral la ak Lekòl yo

### NOTASYON:

	<b>TRÈ EFIKAS</b>
<b>X</b>	<b>EFIKAS</b>
	<b>AP ELABORE</b>
	<b>EFIKAS YON JAN MINIM</b>
	<b>INEFIKAS</b>

### KÒMANTÈ:

Sirentandan Skipper te pran la relèv nan moman li te retounen nan BPS. Lè n konsidere familyarite avèk Boston ak BPS an jeneral, li te kapab rapidman kòmanse travay avèk kolèg yo epi kreye ak konfime divès pratik pwometè ak divès travay fondamantal deja ankou sou fòt direksyon manm aktyèl ekip direksyon an. Tout domèn ki site anwo y te resevwa kèk nivo atansyon. Mwen apresye rekonesans Sirentandan sou sa ki fonksyone deja ak sou sa ki pwometè, pandan an menm tan nan aprann sistematikman sa ki fonksyone ak nan aprann travay avèk pèsonèl ki egziste a an patenarya pou ranfòse ak devlope yon enfrastrikti solid nan depatman kle yo (pa egzanp, ansèyman ak aprantisaj) nan tout distri a.

Mwen te bay Sirentandan yon nòt efikas pou nòm sa. Mwen te apresye tout travay ki fèt pou bati fondman sa distri nou an ak pèsonèl la bezwen pou yo reyisi nan salklas la. Mwen te konstate yon reyèl efò konsète pou gen yon konpreyansyon komen e ak yon aliyman komen, an patikilye nan

kesyon edikasyon enklizif. Yon pati enpòtan sou fondman se asire ke nou genyen vrè ekip la an plas pou egzekite travay la. Pandan mwen konnen nou pa gen tout pòs yo ranpli, kounye a nou gen yon Chèf Sèvis Espesyalize, Chèf Ansèyman ak Aprantisaj ansanm ak de Chèf Adjwen nan Biwo Edikasyon Miltileng ak Miltikiltirèl. Sa te yon travay enpòtan pandan dènye ane sa. Nou pa t kapab fè travay la san yon lidèchip solid.

Kounye a nou gen anpil travay fondamantal an plas, kesyon mwen an se kòman nou ap priyore ak rasanble depatman yo ak pou nou ap travay ansanm? Epi kòman nou kapab ak pou piblik la konprann plis sou kisa chak depatman ak wol sa yo pral fè pou fè avanse travay la? Mwen vle tou asire ke fanmi yo konprann tout bagay nou ap fè nan salklas la. Genyen anpil chanjman ki jistifyab kote nou dwe asire ke divès paran konprann chanjman sa yo egalman.

An jeneral, mwen panse nou ap avanse nan bòn direksyon an nan kesyon lidèchip pedagogik. Sirentandan gen yon ekip solid ki ap travay pou aliye tout travay la, ranfòse kominikasyon ant ekip akademik Distri yo ansanm ak pèsònèl la nan lekòl nou yo. Mwen konnen rezilta yo pral pran tan, men mwen optimis ke nou pral kòmanse wè konpetans nou nan matematik, lekti ak ekriti amelyore pandan plizyè ane alavni. Pou kounye a kote nou gen anpil nan fondman an ki bati, sa pral enpòtan pandan pwochèn ane sa pou sipèvize mizannèv la ansanm ak rezilta yo.

## **ESTANDA II: Jesyon ak Fonksyonman**

*Favorize aprantisaj ak kwasans pou tout elèv yo ansanm ak siksè pou tout pèsònèl la nan asire yon anviwònman aprantisaj san danje, efisyan ak efikas, nan itilize divès resous pou mete an èv yon pwogram, dotasyon an pèsònèl, ak yon kalandriye apwopriye.*

- 2-A Anviwònman
- 2-B Jesyon/Devlopman Resous Imèn
- 2-C Sistèm Enfòmasyon sou Planifikasyon ak Jesyon
- 2-D Lwa Etik ak Politik
- 2-E Sistèm Fiskal yo

Aliyman Objektif Sirentandan:

- Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Pèsònèl yo
- Rasyonalizasyon Operasyon yo epi Garanti Sekirize Elèv yo

	<b>TRÈ EFIKAS</b>
<b>X</b>	<b>EFIKAS</b>
	<b>AP ELABORE</b>
	<b>EFIKAS YON JAN MINIM</b>
	<b>INEFIKAS</b>

## **KÒMANTÈ:**

Jan sa endike anwo a, se te yon ane pou fondman an. Mwen te bay Sirentandan yon nòt efikas pou nòm sa. Ane dènyè a, nou te resevwa anpil enfòmasyon ki soti nan Plan Amelyorasyon Sistemik lan, Council of Great City Schools ak plizyè nan pwòp plan entèn nou yo. Pou kounye a, nou dwe mete an èv travay la. Mwen te apresye ke Sirentandan te rekonèt distri a ki pa gen sistèm yo ak estrikti yo an plas ki nesèsè pou siksè. Sirentandan te pase anpil tan ane sa pou konprann sa nou genyen ak sa nou dwe ajoute oubyen retire.

Lè n ap gade nan tout bagay ki dwe korije, Sirentandan te kapab konsakre yon ane an antye sou inikman ak yon sèl domèn nan Plan Amelyorasyon Sistemik lan, men nou pa genyen liks sa. Sirentandan te mete yon ekip an plas pou kòmanse egzekite nan tout domèn travay, men plis enpòtan, pou bati yon sistèm dirab pou fè travay la kontinye avanse, kèlkeswa moun k ap dirije li. Lè nou kreye twa wol sirentandan adjwen yo, ou te divize travay la yon jan pou genyen yon konpreyansyon klè sou kilès ki responsab ki pati nan òganizasyon an.

Yon lòt estrikti enpòtan yo te mete an plas se modèl rejyonal la. Mwen wè divès rejyon kòm ti mini distri ak yon kantite investisman ki te fèt pou ranfòse ekip sa yo pou soutni lekòl yo ak elèv yo. Nou bezwen asire ke rejyon sa yo ap travay ansanm pou pataje pi bon pratik ak kolaborativman pou rezoud divès pwoblèm. Mwen ta renmen tou konprann plis sou kòman rejyon sa yo te deside ak kòman Distri a ap sipèvizè travay yo a pou asire ke tout moun ap resevwa menm mesaj la ak gen menm atant yo.

Genyen anpil lòt travay pou fè, men nou te wè yon pwogrè enpòtan kote nou te ye a depi yon ane. Nou pa kapab fè travay sa lannwit, men nou dwe fè pwogrè chak jou.

Yon domèn ki te patikilyèman enpresyone mwen se pwogrè nou fè nan kesyon rekritman— nou konplèman ranpli avèk pèsònèl pou chofè bis nou yo epi genyen apeprè 150 monitè bis anplis pase sa nou te genyen ane pase. Nou prèske genyen konplètman pèsònèl pou wol edikatè nou yo epi nou te konstate woulman ki pi fèb pami chèf etablisman nou yo depi lontan. Tout sa ekstrèmman enpòtan pou estabilize katye a ak fè avanse travay la. Ane sa, nou dwe aksantye sou konpreyansyon bezwen pou Biwo Kapital Moun pou asire ke nou kapab soutni reyisit pa yo.

Dènyèman, mwen konnen ane k ap vini sa pral yon gwo ane pou Nouvèl Akò Ekolojik pou BPS la epi plis jeneralman, pou tout travay enstalasyon ki nesèsè yo. Mwen pa ka tann pou wè, sa mwen swete ki se yon leson imilite, rezilta Evalyasyon Kondisyon Enstalasyon yo ak kòman distri a pral itilize youn nan pwèn done sa yo pou ede enfòmè sou bezwen plan enstalasyon alontèm ki nesèsè nou yo. Nou dwe transparan avèk travay sa. Nou konnen genyen desizyon ki difisil pou pran, men nou konnen tou ke timoun nou yo merite pi bon e ke lekòl yo frekante yo gen yon enpak sou resous yo ak sou opòtinite yo genyen oubyen yo pa genyen. Nou dwe travay nan tèt kole avèk fanmi nou yo pou pataje reyalite difikilte nou ap fè fas yo epi nou dwe apresye nan ki degre kèk nan chanjman sa yo kapab difisil.

### **ESTANDA III: Angajman Fanmi ak Kominote**

*Favorize aprantisaj ak kwasans tout elèv yo ak siksè tout pèsonèl la atravè divès patenarya efikas avèk fanmi yo, òganizasyon kominote yo, ak lòt entèvenan ki ap soutni misyon lekòl la ak distri a.*

- 3-A Angajman
- 3-B Pataj Responsabilite
- 3-C Kominikasyon
- 3-D Preyokipasyon Fanmi yo

Aliyman Objektif Sirentandan:

- Devlope divès Pratik Otantik Angajman Fanmi ak Kominotè
- Amelyore Kominikasyon Entèn ak Ekstèn avèk Fanmi yo ak Pèsonèl yo

	<b>TRÈ EFIKAS</b>
<b>X</b>	<b>EFIKAS</b>
	<b>AP ELABORE</b>
	<b>EFIKAS YON JAN MINIM</b>
	<b>INEFIKAS</b>

### **KÒMANTÈ:**

Angajman Fanmi ak Kominote a se yon lòt domèn kote divès investisman enpòtan te rive fèt pou bati divès sistèm ki kapab angaje yon jan otantik ak soutni kominote ak fanmi nou yo. Mwen te ba ou yon nòt efikas pou estanda sa epi sa se yon espas kote mwen panse nou gen anpil sal pou amelyorasyon.

Tankou pou lòt nòm yo, te genyen epi genyen anpil travay fondamantal pou fè. Elve travay la nan wol yon Sirentandan Adjwen alafwa senbolik epi pratikman enpòtan. Angajman Ekite, Kominote ak Fanmi an dwe plase nan kè tout sa nou ap fè. Mwen tande sirentandan repete li plizyè fwa epi nou dwe asire nou ke tout moun nan òganizasyon an konprann liy direktris sa yo.

Mwen ta renmen wè rezilta pou genyen yon liyezon fanmi nan chak lekòl–nou te genyen divès liyezon fanmi an plas pou de (2) dènye ane yo epi mwen tande nan lekòl yo toutan y ap pale sou enpòtans wol sa epi kòman li gen yon valè inestimab pou n genyen pòs sa pou ranfòse lyen ant fanmi yo ak lekòl nou yo.

Nou dwe kontinye travay avèk fanmi nou yo pou ede yo konprann wol lekòl yo epi fè patenarya avèk yo pou soutni edikasyon pa yo. Nou dwe rekonèt ke se pa tout fanmi yo ki kapab enplike nan fason yo swete sa epi nou dwe founi divès opòtinite mantora pou elèv nou yo yon jan pou chak elèv gen plizyè chanpyon pou reysisit pa yo. Sirentandan te fè yon kantite investisman pou sipòte elèv la epi nou te konstate yon absanteyism kwonik gras ak angajman aktif nou avèk alafwa elèv yo e ak

fanmi yo pou fè yo retounen lekòl. Sa tèlman enpòtan epi mwen swete plis travay prevantif tankou sa pral ogmante pandan ane k ap vini an.

Dènyèman, mwen te pale yon ti kras sou sa ki anwo a, men se travay Nouvèl Akò Ekolojik pou BPS la. Mwen te apresye lè sirentandan te antre a, li te ralanti yon pati nan travay la pou pi byen konprann li ak reponn dirèkteman avèk kèk fanmi ki te touche. Sirentandan te reyòganize travay la pou konstitiye yon ekip ki kapab sipòte tout konpozan diferan travay konplèks sa. Sa pa annik konsène batiman yo— se konsènan kominote lekòl yo epi mwen konnen nou toujou ap bati ekip sa, men angajman kominote ak fanmi otantik ap vin esansyèl pou travay k ap vini an. Se pa tout moun ki pral dakò, men tout moun dwe konprann.

## **ESTANDA IV: Kilti Pwofesyonèl**

*Favorize siksè pou tout elèv yo nan nouri ak kenbe yon kilti lekòl pratik reflektiv, atant elve, ak aprantisaj kontini pou pèsonèl la.*

- 4-A Angajman anvè divès Nòm Elve
- 4-B Konpetans Kiltirèl
- 4-C Kominikasyon
- 4-D Aprantisaj Kontini

Aliyman Objektif Sirentandan:

- Ogmante responsabilizasyon Biwo Santral la ak Lekòl yo

	<b>TRÈ EFIKAS</b>
<b>X</b>	<b>EFIKAS</b>
	<b>AP ELABORE</b>
	<b>EFIKAS YON JAN MINIM</b>
	<b>INEFIKAS</b>

## **KÒMANTÈ:**

Pou dènye estanda, mwen te bay sirentandan tou yon nòt efikas. Sòti nan pandemi an epi jere yon ekip ki te gen plizyè tranzisyon se pa yon travay fasil. Yon fason anekdotik, mwen pale avèk pèsonèl la kote yo tout di yo santi yo pi byen jodi a pase yo te santi yo ane pase epi sa se akòz lidèchip klè sirentandan ak respè pou travay la ak ekip la.

Sirentandan patikilyèman fyè epi enpresyone avèk travay pou fèmèn tout kontra negosyasyon kolektiv nou yo. Mwen konprann poukisa tout bagay sa yo te anreta, men sirentandan te priyoreze travay sa. Epi gras ak sa, nou te sòti epi pa konsekan, moral la te remonte epi travayè yo santi yo respekte. Mwen apresye tou ke sirentandan deja ap planifye pou pwochèn pati negosyasyon avan

divès kontra ekspire epi te devlope yon ekip estrateji entèn ki ale odela sèvis tradisyonèl relasyon travay yo, kapital imen ak finans.

Yon bagay mwen te remake, mwen te chita sou tab negosyasyon pou kèk nan kontra sa yo se te enpòtans pèsònèl la ki te santi yo gen yon mo pou di epi yo ta pral resevwa resous yo bezwen yo. Pandan nou ap pwoche vè pwochè ane lekòl la, mwen wè nou ap fè sa yon reyalite. Pa sèlman envestisman nan modèl rejyonal la, men tou tout travay ou te fè pou aliye ak elaji tout devlopman pwofesyonèl la.

Nou pa kapab annik di moun yo ankò kisa pou yo fè, men pa ba yo fòmasyon ak resous yo bezwen pou egzekite travay la. Sa dwe “sa se atant lan, men genyen divès fason nou pral sipòte siksè ou an.” Nan ALI ak kèk planifikasyon mwen te konstate PD Enklizyon, mwen wè ekip ou an ap fè sa egzakteman. Etabli divès priyorite trè klè, apre sa founi yon fòmasyon ak enfòmasyon sou kòman yo pral jwenn sipò.

An jeneral, mwen te vrèman enpresyone ak apresye lidèchip ou. Se pa yon peryòd fasil pou dirije fonksyon piblik la, men sirentandan te pran la relèv epi te rete avèk antouzyas ak optimis pou tout posibilite ki ofri ak nou tout. Mwen pa ka tann pou pwochè ane lekòl sa ansanm ak travay nou pral fè ansanm.

#### **EVALYASYON JENERAL (Konsidere pwogrè vè objektif ak kategori pèfòmans yo)**

	<b>TRÈ EFIKAS (Egzanplè)</b>
<b>X</b>	<b>EFIKAS (Konpetan)</b>
	<b>AP DEVLOPE (Konpetan)</b>
	<b>EFIKAS YON JAN MINIM (Bezwen Amelyorasyon)</b>
	<b>INEFIKAS (Pa satisfèzan)</b>

#### **EVALYASYON EDIKASYON INIKMAN: EVALYASYON SELON ESTANDA YO**

**(Plase yon ‘X’ nan bwat evalyasyon apwopriye a pou chak estanda)**

<b>E</b>	<b>P</b>	<b>NI</b>	<b>U</b>	
	<b>X</b>			<b>Estanda I: Direksyon Pedagojik</b>
	<b>X</b>			<b>Estanda II: Jesyon ak Fonksyonman</b>
	<b>X</b>			<b>ESTANDA III: Angajman Fanmi ak Kominote</b>
	<b>X</b>			<b>Estanda IV: Kilti Pwofesyonèl</b>

## Plan Devlopman Anplwaye (EDP)

Idantifye ak dekri 2-3 domèn pwen fò ak 2-3 domèn pou kwasans kontini baze sou divès kategori anwo, menm jan ak kòman pou yo te rive nan domèn sa yo.

<b>Domèn pwen fò</b>	<b>Domèn pou kwasans kontini</b>
Tande ak respekte tout vwa yo. Jiska dat ou te founi plizyè opòtinite pou tandè pèsonèl la nan tout nivo, elv yo, paran yo endividyèl ak an gwoup fòmèl. Enstore konfyans pase nan yon ekout ak yon aprantisaj atantif.	Ralve lòt yo pou yo ka aksepte ak rekonèt enpòtans krisyal yon angajman familyal fò ak siyifikatif.
Konstriksyon divès sistèm epi divize silo yo. Ou te travay pou kreye yon fondman solid, kote divès relasyon sen pozitif kapab grandi epi yon kominikasyon ki kapab sikile.	Ede tout pèsonèl la ak fanmi yo konprann IJANS pou konsantre sou amelyorasyon rezilta elèv yo